

Bak Middle School of the Arts

SY22

Direktiv pou Admisyon Ak Odisyon

Elèv k ap Aplike pou Ane Lekòl 2021-2022

Sally Rozanski
Direktris

Lee L. Glaze
Kowòdonatè Pwogram Espesyalizasyon

1725 Echo Lake Drive
West Palm Beach, FL 33407
telefon 561-882-3819
Fax: 561-882-3800

www.msoa.com

OSWA

<https://msoa.palmbeachschools.org>

Kondisyon pou Admisyon nan Bak pou Ane 2022

Tanpri li tout pake sa a konplètman

Bak (MSOA), ap konsidere admisyon pou elèv k ap antre nan sizyèm, setyèm, oswa uityèm ane. Majorite plas ki genyen yo se pou elèv k ap antre nan klas sizyèm ane. Elèv k ap aplike a ansanm ak paran/responsab yo dwe se rezidan Rejyon *Palm Beach* pou yo kapab elijib pou soumèt yon aplikasyon sou entènèt. Tanpri, li sa ki piba a sou pwosesis, pwosedi, machasuiv, ak kondisyon pou aplikasyon/odisyon/admisyon

Tanpri, suiv avèk atansyon pwosedi yo dekri nan paj apre yo. Ranpli yon aplikasyon pou Espesyalizasyon ak Distri Lekòl Rejyon *Palm Beach* Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè nan dat limit Distri a fikse:

Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon ap disponib apati dat 2 novanm 2020

- 1 Soumèt yon aplikasyon avan oswa nan vandredi 18 desanm 2020.** Aplikasyon yo disponib anliy nan: www.mypbchoiceapp.com. Yo ankouraje aplikasyon sou entènèt anpil epi ou resevwa yon resi konfimasyon pa imèl nan menm moman an. Tanpri, kenbe tout enfòmasyon pou konekte sou entènèt yo pou itilize alavni nan Sistèm Jesyon Aplikasyon an (*Application Management System*) Si pa gen konpitè ki disponib nan kay la, tanpri vizite bibliyotèk nan zòn nan oswa lekòl pitit ou a. Gade nan manyèl Pwogram Espesyalizasyon an pou plis detay nan: www.palmbeachschools.org/choiceprograms
- 2 Prepare w pou fè odisyon vityèl ou a** dapre gid pou chak matyè boza ki nan Gid enfòmasyon Enskripsyon ak Odisyon sa a. **Elèv yo ta dwe prepare pou odisyon depi nan dat 11 Janvyè 2020.**
- 3 Aplikan yo apwouve yo ap resevwa avi nan imel** sou pwosedi odisyon vityèl yo ak dat ak lè odisyon elèv la. Se sèlman elèv ki genyen yon aplikasyon yo verifye nan dosye Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè y ap bay yon odisyon Si ou pa resevwa yon avi sou odisyon avan oswa nan dat 8 janvyè 2021, tanpri kontakte **Biwo Espesyalizasyon Bak nan 561-882-3819.**
- 4 Aplikan yo dwe pase odisyon nan dat yo bayo.** Yon moun kapab chanje dat odisyon elèv la sèlman nan ka yon ijans famiyal ki dokimante oswa si dat yo bali a genyen konfli ak obsèvan relijye. **Si yon elèv ta malad epi li pa kapab pase odisyon an nan dat yo te bali a**, li dwe bay lekòl la yon lèt doktè ki dokimante maladi a nan twa (3) jou lekòl apre dat randevou odisyon an te fikse a. Si gen lòt dat odisyon ki disponib, lekòl la ap pwograme yon lòt randevou odisyon pou elèv la nan yon dat detèmine. P AP gen rezon pou yon apèl pou maladi ki pat revele nan moman odisyon elèv la. Elèv ki pa t patisipe nan odisyon avan Lotri Admisyon Mwa Mas p ap elijib pou premye pwosesis lotri seleksyon an. Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè Distri Lekòl Rejyon *Palm Beach* etabli yon dat pou avi pou pibliye rezilta plasman pou tout Pwogram Espesyalizasyon yo. Genyen kèk elèv yo kapab plase nan yon lisdatant baze sou plas ki disponib ak kantite aplikan ki elijib.

Pwosesis Apèl: Se Règleman 5.016 ki reji pwosesis apèl epi sa dekri nan Manyèl Pwosedi Pwogram Espesyalizasyon ak Lekòl Espesyalizasyon Distri a nan:

www.palmbeachschools.org/choiceprograms

Bak Middle School of the Arts **Odision Vityèl Pou Admisyon pou Ane Lekòl 2020-2021**

Elèv ESE / 504 /ELL:

Yo bay akomodasyon pou elèv ki genyen bezwen espesyal ki dokimante nan yon Plan IEP oswa 504 ki aktif. Yon paran/responsab **Oblije Telekopye** yon Plan IEP oswa 504 aktyèl elèv la (elèv lekòl piblik) oswa evalyasyon medikal (elèv lekòl prive) avèk Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon a pou li fè sèten li jwenn akomodasyon pou odision an. Si ou pa kapab lokalize plan an, kontakte lekòl aktyèl pitit ou a pou jwenn èd.

Yo ankouraje **elèv ELL** ki genyen konpetans limite nan Anglè pou pase odision an nan lang natif natal yo. Paran elèv yo idantifye kòm LY kapab made entèprèt pou odision pitit yo lè yo kontakte **Biwo Espesyalizasyon Bak nan 561-882-3819**.

Si yon paran/responsab endike akomodasyon pou odision pa nesesè pou yon timoun ki genyen yon plan IEP/504, li p ap kapab fè apèl sou baz yo pa t ofri akomodasyon pandan odision yo.

Paran elèv yo idantifye kòm elèv ki gen Talan Espesyal yo PA bezwen pote Plan Edikatif Elèv (EP) la pou pwosesis odision an.

Pou Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon sou entènèt, tanpri ale nan:

www.mypbchoiceapp.com

Pou Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon, Bwochi Pwogram Espesyalizasyon an, Manyèl Pwosedi ak enfòmasyon adisyonèl, tanpri ale nan:

www.palmbeachschools.org/choiceprograms

Pou kesyon paran genyen sou Pwogram Espesyalizasyon nan Rejyon Palm Beach:

choicequestions@palmbeachschools.org

TOUT ELÈV OBLIJE PASE YON ODISION SOU PÈFÒMANS avan yo kapab konsidere yo elijib pou admisyon nan Bak Middle School of the Arts. Yo egzije nòt odision ki pi wo pou elijiblite nan 7^{yèm} ak 8^{yèm} ane.

Pwosesis pou Odision Vityèl pou Admisyon pou Ane Lekòl 2022

- Tout odision ap fèt nan *Google Meet* epi sa kapab enkli itilizasyon *Google Classroom*. Si w pa yon elèv lekòl piblik, tanpri kreye yon kont *Gmail* (*Gmail email*) pou odision an.
- "*Bak Middle School of the Arts*" p ap anrejistre odision epi li p ap bay konsantman pou yo anrejistre pwosesis odision an."
- Yo p ap otorize pèsòn nan sal la oswa nan *Google Meet* la pandan pwosesis odision an.
- Moun pa kapab itilize okenn estidyo pwofesyonèl.
- Si elèv la pèdi koneksyon pandan odision an, li dwe reantre nan *Google Meet* epi tann yo bali lòt enstriksyon.

Tout pwosesis odision ap mande pou aplikan yo prezan epi pare pou pèfòme nenpòt lè pandan peryòd tan odision vityèl la. Sonje pou pote nenpòt sa w bezwen pou odision an, (kreyon, papyè, gòm, esntriman, mizik, eltr.) Se responsablite paran an pou fè sèten tout enstriman, CD, MP3 ak/or telefòn selilè an bon kondisyon fonksyonman avan lè randevou pou odision an. Yonfwa yon elèv kòmanse oswa ap kontinye ak yon odision, paran yo admèt pitit yo pa malad oswa pa kapab pèfòme. **Paran ak elèv ta dwe konnen tout pwosesis odision an kapab pran jiska de (2) oswa plis èdtan, enkli oryantasyon ale nan odision an.** yo **OBLIJE** soumèt tout demand pou fèy nòt odision avèk Fòm Demand Fèy Nòt Odision 2021 an EPI yon anvlòp ki tou genyen adrès pèsònèl moun nan ak tenb. Fòm sa a ap disponib ann avril nan: <https://msoa.palmbeachschools.org/>. Y ap aksepte demand pou fèy nòt odision sèlman apati lendi 5 avril rive 19 avril 2021.

Pou yo patisipe nan Lotri Seleksyon pou Admisyon Mwa Mas nan Pwogram Espesyalizasyon Bak MSOA, tout aplikan dwe satisfè kritè elijiblite Distri a ak lekòl la. Sa enkli satisfè kondisyon pou kalifikasyon nan pwosesis odision vityèl MSOA a. Elèv yo pa t seleksyone avan nan lotri mwa mas la prale nan yon lisdatant pou tout pwogram Espesyalizasyon yo kote yo te jije yo elijib. Yo **egzije nòt odision ki pi wo pou elijiblite nan 7^{yèm} ak 8^{yèm} ane.**

Nan paj ki vin apre la yo genyen **kondisyon espesifik** pou odision nan chak domèn boza. Tanpri, li kondisyon yo byen, yon fason pou oumenm ak pitit ou konnen sa yo atann nan odision an . Yo bay nòt pou odision an suivan yon ribrik.

Y ap diskalifye aplikan yo pou admisyon nan Bak MSOA si si yo pa soumèt dokiman yo mande pandan odision an yo OSWA yo detèmine te genyen entèferans ki rive pandan pwosesis odision an.

Paj ki vin apre la yo genyen detay ki enpòtan sou pwosesis odision vityèl la pou chak domèn boza

Odision pou Atizay Kominikasyon

Kourikoulòm Kominikasyon Bak MSOA enkli: redaksyon kreyatif, jounalism, jounal ak piblikasyon liv souvni, emisyon radyo ak televizyon, pwodiksyon videyo, piblisite/reklam/relasyon piblik, medya dijital, ak diskou & deba.

Nan Odision Vityèl la, nan Google Meet, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1 **Redaksyon**- Y ap bay elèv yo kenz (15) minit pou yo konpoze yon atik premye paj, nan estil jounal, baze sou kontni yon foto y ap bayo pandan odision an. Y ap bezwen pape ak kreyon

Remak: Korektè yo ap evalye Redaksyon an baze sou kreyativite, teknik konpozisyon fiksyon, kontni naratif, konsantrasyon, òganizasyon, vokabilè ki vif, ak detay ki sipòte ide yo.

2 **Pale an piblik**- Elèv yo pral prezante oralman pandan yon minit, yon diskou orijinal yo te memorize sou topik, "**Dekri yon sityasyon kote ou te aprann yon lesou valab.**

Remak: Korektè yo ap evalye diskou prepare a baze sou òganizasyon; ekspresyon vokal ki enkli klète langaj, volim ak estil pale ki byen defini; jès, ekspresyon fasyal, langaj kòporèl; antouzyas; ak ratrapaj.

3. **Analiz Medya ak Revizyon Kritik** – Pandan odision an elèv yo pral pale sou yon ti ekstrè videyo y ap montre nan odision an. Apre elèv yo fin gade li, elèv yo pral pataje endividyèlman obsèvasyon yo fè avèk jij yo.

Remak: Korektè yo ap evalye Analiz Medya ak Revi Kritik la baze sou deskripsyon konplè epi detaye elèv la fè sou sijè a ak/oswa eleman ki te parèt nan videyo kout la. Elèv la dwe demontre atansyon sou detay (tout sa li te wè ak tande) epi konpreyansyon teknik fè fim (sa vle di, ekleraj, mizik, efè sonò, ang kamera, ak konpòtman pèsonaj)

SUIV DIREKTIV: Elèv yo ta dwe prepare pou koute avèk atansyon epi suiv direktiv y ap bay pandan odision yo.

Tout aplikan dwe respekte tout bagay sa yo: Soumisyon travay orijinal nan odision vityèl la sètifye aplikan an te sèl moun ki travay nan tach li soumèt pou evalyasyon. Yo atann pou tout aplikan genyen Onètete ak entegrite

Odisyon pou Dans

Klas dans nan *Bak MSOA* enkli balè ak dans modèn; klas dans 7^{yèm} ak 8^{yèm} ane enkli balè, dans modèn ak djaz. Tout dansè pral patisipe nan omwen yon klas dans chak jou.

Nan Odision Vityèl la, nan Google Meet, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- 1 Patisipe nan yon klas dans Google Meet ki pral enkli balè ak dans modèn. Vini tou chofo epi pare pou fè "*center work*" (mouvman san sipò). Fè sèten ang kamera a byen ajiste pou parèt nan kad la delatètopye (pou tout odision an) epi genyen espas pou bouje. Si w nan yon telefòn, kamera a dwe pozisyone orizontalman (*landscape*). Jijman ap baze sou abilite teknik, aliyman, kalite mouvman, fleksibilite, konsantrasyon pou aplike koreksyon, ak potansyèl anjeneral. Malgre genyen pratik pa obligatwa, ou dwe genyen aptitud pou dans ak fizikalite.
- 2 **Prepare yon dans solo** ki pa pi long pase yon minit. Yo p ap aksepte ni vètman espesyal ni akseswa oswa lòt dekorasyon. Dans solo a dwe mete aksan sou meyè kalite dansè a genyen. Konsidere pou enkli vire, sote ak chanje nivo. Evalyasyon an baze sou teknik, kalite mouvman, ak ekspresyon. Tanpri pa mamote mizik la. Pandan w ap monte koregrafi dans ou a, pratike nan espas ou genyen lakay ou kote ou pral pèfòme pou nou an. Pandan w ap prepare dans solo ou a, nou rekòmande pou anrejistre tèt ou pou fè sèten ou toujou nan kad la. **Nou pa kapab aksepte dans ki deja anrejistre. W ap pèfòme nan odision an andirèk lakay ou.** Pou solo a, yo prefere mizik enstrimantal. Tanpri, fè sèten tout pawòl mizik yo apwopriye. Fè sèten ang kamera a byen ajiste pou parèt nan kad la delatètopye (pou tout odision an) epi genyen espas pou bouje. Si w nan yon telefòn, kamera a dwe pozisyone orizontalman (*landscape*) Yo dwe wè tout kò w pandan dans la.

Abiman yo sigjere: Tifi ta dwe mete mayo kolan koulè ini ak pantalon kolan oswa ba ki pa kouvri pye yo Mare cheve yo ale sou dèyè an chou Ti gason ta dwe mete mayo blan oswa nwa ak kolan pou dans. Elèv ki gen soulye balè sipoze mete yo. Tout elèv sipoze prepare yo pou danse pye atè **Pa mete jip, abako oswa bijou.**

Odisyon pou Mizik

Fanfa, Enstriman ak Kòd, Vokal ak Pyano

Elèv yo dwe pote pwòp enstriman mizik yo nan odisyon pou fanfa ak pou enstriman ak kòd Pou odisyon vokal, elèv yo kapab chante avèk oswa san akonpayman. Bak MSOA pa ofri ansèyman nan tout enstriman mizik; donk, elèv k ap aplike dwe pase odisyon avèk yon enstriman ki nan lis ki vin apre seksyon Fanfa (*Band*) oswa Enstriman ak kòd yo (*Strings*). Paegzanp, elèv yo pa kapab odisyone avèk gita, klòch manyèl oswa enstriman ki pa enstriman òkès.

Fanfa

Bras, Pèkisyon, ak Enstriman ak van

Y ap evalue elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè.

Elèv yo kapab odisyone avèk enstriman konsè òkès ki nan lis sa a:

<i>Flute</i>	<i>Baritone Saxophone</i>
<i>Piccolo</i>	<i>French Horn</i>
<i>Oboe</i>	<i>Trumpet</i>
<i>Clarinet</i>	<i>Baritone/Euphonium</i>
<i>Bass Clarinet</i>	<i>Trombone</i>
<i>Bassoon</i>	<i>Tuba</i>
<i>Alto Saxophone</i>	<i>Percussion/Drums (gade anba a)*</i>
<i>Tenor Saxophone</i>	

Nan Odisyon Vityèl la, nan Google Meet, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- 1 Egzekite yon solo ki demontre pi wo nivo konpetans yo. Yo pa otorize akonpayatè. Elèv yo dwe telekopye nan *Google Classroom* yon (1) fèy mizik yo pou jij yo. Tanpri pran nòt: jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan.

*REMAK: Pèkisyon/Batri/Tanbou Elèv yo egzekite yon solo ki demontre pi wo nivo abilite yo nan yon enstriman pèkisyon "*snare drum and mallet* (*Xylkophone/Marimba*). Elèv yo dwe vini ak pwòp tanbou, bagèt, *mallets* ak enstriman *mallet* pa yo.

2. Kondisyon pou odisyon ap enkli tou:

- reponn kesyon, oralman, sou rekonesans nòt parapò ak pwòp kle yo, nòt, valè ritm, valè mezi silans, ak rekonesans senbòl mizikal.
- koute yon gwoup 3-4 son sou pyano a epi chante yo aprè, ak;
- egzekite yon gam majè aplikan an Espesyalizasyonzi

Kòd

Vyolon, Vyolon alto, Vyolonsèl, ak Bas

Elèv yo kapab odisyone avèk enstriman konsè òkès ki nan lis sa a:

Vyolon, Vyolon alto, Vyolonsèl, ak Bas

Y ap evalye elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè.

Nan Odisyon Vityèl la, nan *Google Meet*, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1 **Egzekite yon solo** ki demontre pi wo nivo konpetans yo Yo pa otorize akonpayatè Elèv dwe telekopye nan *Google Classroom* yon (1) fèy mizik yo pou jij yo. Tanpri pran nòt: jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan

2 **Kondisyon pou odisyon ap enkli tou:**

- reponn kesyon, oralman, sou rekonesans nòt pa rapò ak pwòp kle yo, nòt, valè ritm, valè mezi silans, ak rekonesans senbòl mizikal.
- koute yon gwoup 3-4 son sou pyano a epi chante yo aprè, ak;
- Jwe yon gam majè aplikan an Espesyalizasyonzi, youn oswa de (2) oktav ;
- **Li Mizik:** y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

Vokal

Nan Odisyon Vityèl la, nan Google Meet, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- 1 **Egzekite yon solo yo te memorize***. Elèv yo ap chante yon solo yo te aprann pa kè Elèv yo dwe telechaje nan *Google Classroom yon (1)* kopi fèy mizik la pandan odisyon an, pou jij yo.
 - Y ap jije solo a sou prezisyon son, presizyon ritmik, kalite ton, ekspresivite, ak efè mizikal. Tanpri pran nòt: jij yo kapab pa koute tout solo a akoz kontrent tan
 - **Akonpayman: Elèv yo kapab chante avèk oswa san akonpayman.** Si y ap itilize akonpayman, nivo volim nan ta dwe balanse ak chantè a epi jwe l sou yon aparèy separe
- 2 **Vokalizasyon** Elèv la ap vokalize ansanm ak yon anrejistreman odyo y ap bali avan odisyon an. Elèv la ap bezwen itilize yon lòt aparèy (telefòn entelijan, ekoutè eltr.
- 3 **Matche Ton:** Elèv la ap koute yon seri 3-5 son nan pyano a. Apre yo fin jwe yo, elèv la ap chante yo. Sa ap fèt an dirèk pandan *Google Meet* la epi sa pa mande pou fè anyen anvan.

Tanpri, konnen sa pa nesèsè pou elèv la fini solo a pou jij yo konplete evalyasyon an.

*literati yo sigjere pou odisyon vokal, moun kapab achte nan chòp mizik lokal yo, enkli sa yo (yo sigjere seleksyon ki pi ba yo men yo pa obligatwa):

- *Folk Songs for Solo Singer, Volumes 1 & 2 - Jay Althouse*
- *The Young Singer – Richard Row*
- *Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1*
- *Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1*
- *Easy Songs for the Beginning Tenor (for boys with changed voices only), Volume 1*
- *Easy Songs for the Beginning Soprano, Volume 1*

Tout literati vokal nou liste pi wo a disponib avèk *CD* pou antrènman ak pèfòmans

Pyano

Y ap evalye elèv yo dapre presizyon son, kalite ton, presizyon ritmik, ekspresivite, teknik, lekti mizik, matche ton, efè mizikal ak abilite pou pwodui yon gam majè ak apèj.

ELÈV K AP APLIKE POU KLAS 6^{yèm} ANE

Nan Odisyon Vityèl la, nan *Google Meet*, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- Kondisyon Teknik:** de (2) gam mizikal, ak de (2) apèj
 - Prepare gam mizikal ak apèj yo rive nan senk "sharp" ak senk "flat" avèk minè amonik relatif yo. Pa egzanp, G Majè ak E Minè Jij yo ap Espesyalizasyonzi de (2) gam majè nan gam nou endike pi wo a. Gam yo ak apèj ki koresponn nan dwe ak men kole ak omwen de (2) oktav.
 - Rekòmande: Pratike gam tankou sa ki nan *Hanon Exercise 39*
- Kondisyon Repètwa:** De (2) év ki kontraste, yon Bawòk ak yon klasik pa dwe genyen repetisyon fraz mizikal pandan odisyon an Tanpri pran nòt: jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan
 - Egzekite yon moso mizik Bawòk - **pa oblije memorize I.** REMAK: Nou sigjere yon moso mizik Bawòk ki nan liv sa yo:
 - Short Preludes – J. S. Bach
 - Two-part Inventions – J. S. Bach
 - Egzekite yon moso klasik **oblije memorize I.** REMAK: Nou sigjere yon moso mizik premye mouvman ki soti nan peryòd klasik pami sa yo:
 - Sonatinas Op.36 – #2, #4 or #6 Clementi
 - Sonatinas Op.151 – A. Diabelli
 - Sonatinas Op.55 – A. Diabelli
 - Sonatinas in C Major Hob.XVI/35
- Li Mizik:** Y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

ELÈV K AP APLIKE POU KLAS 7^{yèm} oswa 8^{yèm} ANE

Nan Odisyon Vityèl la, nan *Google Meet*, elèv yo pral konplete tach sa yo:

- Kondisyon Teknik:** dwe prepare tout amonik majè ak minè ak apèj, nòt "sharp" ak "flat". **Jij yo ap Espesyalizasyonzi youn nan echèl sa yo. Gam yo ak apèj ki koresponn nan dwe ak men kole ak omwen de (2) oktav.**
- Kondisyon Repètwa:** de (2) év ki kontraste, yon Bawòk ak yon klasik, pa dwe genyen repetisyon fraz mizikal pandan odisyon an Tanpri pran nòt: jij yo kapab pa koute tout solo a akòz kontrent tan
 - Egzekite yon moso mizik Bawòk - **pa oblije memorize I.** REMAK: Nou sigjere yon moso mizik Bawòk ki nan liv sa yo:
 - Nenpòt nan 15 senfoni -J.S.Bach
 - Egzekite yon moso klasik, *Hayden Sonata*, **oblije memorize I.** Remak: Nou sigjere yon moso mizik klasik pami sa yo:
 - *Sonata in G Major, Hob.XVII/27, Sonata in e minor, Hob.XVII/34, Sonata in D Major, Hob. /37, Sonata in b minor Hob. /32, Sonata in G Major, Hob.XVII/39 and Sonata in D Major, Hob.XVII/33.*
- Li Mizik:** y ap bay elèv la fèy mizik la nan odisyon an.

Odision pou Teyat

Elèv Teyat Bak MSOA pral etidye ak eksplore tout aspè pwosesis teyat. Nan etid ak travay nan klas, elèv yo pral antre nan domèn jwe wòl aktè ak pèfòmans teyat mizikal; mizansèn, abiman, teyat teknik; ak jesyon sèn. Anplis, yo pral aprann prensip pwodiksyon teyat, istwa teyat, ekri senaryo, ak apresyasyon piblik.

Odision pou Teyat

Konsidere sesyon odision sa a tankou yon atelye teyat. Tousa nou bezwen se elèv ki enterese epi ki deside montre abilte yo nan aktivite ki konsevwa pou prezante ni materyèl ki prepare ni nouvo materyèl.

Preparasyon pou Odision pou Teyat

Pou prepare pou Odision pou Teyat, tanpri, gade aktivite atelye travay ki anba la a epi Espesyalizasyonzi si wi ou non yo pral prezante yon monològ oswa yon chante. Elèv yo ta dwe abiye pou yo lib pou bouje ; soulye plat, fèmèn devan, ak rad ki pa sere tankou mayo, chòt jimnastik, atiray dans ki modès oswa konsèvatif, rad yoga oswa egzèsis apwopriye. Pa mete abako oswa pote bijou sou ou. Korektè yo dwe kapab wè tout kò elèv yo pandan tout odision an.

Nan Odision Vityèl la, sou Google Meet, elèv yo pral patisipe nan sa ki dekri la a:

1. "**COLD READING**": Y ap bay elèv yo yon monològ ki kout epi y ap mande yo pou yo li li pandan yo Espesyalizasyonzi karaktè yo vle. Elèv yo ap genyen 5 minit pou kreye yon karaktè ki kredib baze sou ti senaryo kout la. Y ap prezante monològ la epi yon korektè pral bay yon ajisteman, konsèy oswa lòt direktiv pou sèn nan epi li kapab soufle pandan dezyèm prezantasyon an.
2. **Monològ oswa chanson ki prepare:**

OPSYON A - MONOLÒG: Elèv yo kapab Espesyalizasyonzi pami monològ sa yo:

#1 Dad, I'm sick of this. The mosquitoes are eating me alive. Can't we go inside now? I don't really have to learn to play baseball. It's OK. I think I get it now. Eyes on the ball. Right.

Maybe I'm just not any good at this. Maybe I never will be. But a person can only be hit in the head with a baseball so many times. I'm kinda sick of this game. I don't think I want to play anymore. I'll just quit the team. Can't I just quit, Dad?

#2 No, I'm sorry, Mrs. Jones, I don't eat that. I only eat hot dogs. You don't have hot dogs? Oh. Well, maybe I should go home then. That's all I eat. Hot dogs for breakfast, lunch, and dinner. Sometimes I eat two or three instead of just one. My mom says I'll grow out of it someday. I doubt it. I love hot dogs. My little sister is worse. She only eats chicken soup. She sticks her pigtails in the soup and sucks it out of her hair. It's disgusting. Well, tell Jack I'll see him later. I've got to go home and have a few hot dogs. I think it's a three-hot-dog day. See you later, Mrs. Jones!

#3 Mom, it's not my fault my room's a mess! Me and Anthony were playing with his new race cars. Only four of them. And we heard a weird noise outside, so we opened the window. This huge spaceship landed and a slimy, green alien with three heads came out and jumped in the window. Anthony tried to shoot him with my zapper gun, but it didn't even hurt him — he just got real mad. So he knocked all the books off my shelf and picked up my toy box with his long, purple antennas and dumped it all over my room. So I threw a Frisbee at him and it bonked him on his third head and he slimed out the window and the spaceship disappeared into the sky. Geez, Mom, you should be happy I'm still alive!

#4 *Why do you watch the news every night, Dad? It's booooooring. It's always the same. The news is just a bunch of guys talking. It's JUST SO BORING! Can't we watch the cartoon channel? Don't you like to laugh? I feel like my head is going to explode all over this room. I'm so bored—Pow! Splat! Smush! Here, I'll be the news guy: "Tonight everyone is very boring in the whole world. The whole world is boring and a bunch of other guys said boring things and the weather is boring. Have a boring night. I'm bored. Good night." That's it! I just did the news for you. Now you don't have to watch it! Let's watch cartoons!*

Yo dwe memorize monològ yo epi y ap pèfòme an dirèk pandan odisyon an pou jij yo. Y ap evalye elèv yo baze sou talan pou yo eksprime karaktè a vèbalman ak fizikman nan mo y ap di nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan senaryo a

OSWA

OPSYON B - CHANSON: Elèv yo kapab Espesyalizasyonzi apeprè 16 ba (mwens pase yon minit) pami chanson sa yo:

"Castle on a Cloud", Les Miserables

"Always True to You in My Fashion", Kiss Me, Kate

"Dancing Through Life", Wicked

"Close Every Door", Joseph and the Amazing Technicolor Dreamcoat

Pèfòmans la kapab san enstriman k ap akonpaye (**acapella**) oswa akonpaye ak yon anrejistreman. Si y ap itilize akonpayman, nivo volim nan ta dwe balanse ak chantè a epi jwe l sou yon aparèy separe

(Yo pa dwe enkli okenn vokal nan anrejistreman an). Y ap evalye elèv yo baze sou talan yo pou yo eksprime karaktè a vèbalman ak fizikman ak yon chanson y ap chante nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan chanson an.

Evalyasyon Elèv yo pou Odison pou Teyat la

Y ap evalye chak timoun sou potansyèl li kòm yon elèv teyat. Nou aplike kritè odison sou valè entrensèk elèv la olye se senpleman fòmasyon/eksperyans pase oubyen konpetans li nan prezantasyon. Objektif elèv la se koute, suiv direktiv, epi eksprime kreyativite li libremman kòm yon elèv teyat.

Y ap Evalye Elèv yo Selon Kritè ki sou lis Anba la a:

Vwa ak Mouvman (Entèpretasyon wòl ak Lekti yon tèks, oubyen Chante yon chanson).-Demontre kapasite pou entèprete yon pèsonaj ak vwa li epi fizikman nan yon fason ki matche sa aktè a kapab aprann nan sèn nan oswa chanson an.

Reyaksyon a Antrènman-Demontre kapasite pou swiv direktiv, epi itilize yo pou chanje, korige, oubyen amelyore kreyasyon yon pèsonaj/sèn kredib sou podyòm nan.

Kreyativite /Dispozisyon pou teyat-Demontre kapasite pou gen ide, eksplòre posiblite, fè dekouvèt, ak fè Espesyalizasyon efektif pou kreye pèsonaj, yon kote ak sitiasyon.

Odisyon pou Atizay Plastik

Depatman Atizay Plastik *Bak MSOA* ankouraje elèv li yo eksplòre vwa pèsònèl yo epi rafine talan atistik yo atravè yon varyete mwayen ak kou li ofri ki aktyèlman enkli seramik, desen, penti, eskilti, fotografi dijital, konsepsyon dijital ak enprimri.

TANPRI PRAN NÒT:

- Elèv yo ap bezwen yon kreyon, gòm, ak papyè blan san liy, pou odisyon an.
- Tout èvda yo nan odisyon an ap kreye avèk materyèl sa yo: yon kreyon ak gòm sou papyè blan san liy.
- Elèv yo ta dwe preparare yo pou odisyon an nan fè pratik avèk materyèl nou fèk site pi wo la a.

Nan Odisyon Vityèl la, nan Google Meet, elèv yo pral konplete tach sa yo:

1. **Egzèsis Kreyatif:** Nan kòmansman odisyon an y ap bay elèv yo yon seri atik ak fraz kote y ap genyen pou yo enkli desen yo.. Estil ak teknik jan elèv yo konplete desen yo se pral opsyon pa yo. Anfaz seksyon odisyon sa a se pral sou pwosesis kreyatif elèv la ak Espesyalizasyon konsepsyon final li fè a. Y ap evalye aplikan an sou orijinalite, vizyon kreyatif ak ekspresyon pèsònèl Anfaz egzèsis sa a se pou mezire kreyativite an konparezon avèk talan pou fè desegn dapre obsèvasyon.
2. **Desen Inanime:** Elèv yo ap patisipe nan yon klas atistik kote yo pral bayo yon foto yon gwoup objè yo deja ranje nan yon desen inanime. Elèv yo pral konplete yon desen 2D baze sou obsèvasyon desen inanime a. Y ap jije aplikan yo sou talan pou yo kreye yon imitasyon egzakt desen inanime yo te bayo a. Sa ta dwe enkli konpreyansyon yo sou pwopòsyon, plasman (relasyon espasyal kòrèk ant objè yo), dispozisyon konpozisyonèl nan paj la, kalite liy ak/oswa fè mak, epi rann lonbraj la pou kreye volim. Nou atann pou elèv yo genyen yon konpreyansyon debaz nan desen. Evalyasyon desen an pral enkli talan elèv la pou li travay pou kantite tan yo bali a, presizyon imaj li, ak kalite travay la.

Tout aplikan dwe respekte tout bagay sa yo: Soumisyon travay orijinal nan odisyon vityèl la sètifye aplikan an te sèl moun ki travay nan tach li soumèt pou evalyasyon. Yo atann pou tout aplikan genyen Onètete ak entegrite.

Done sou Bak Middle School of the Arts

- *Bak MSOA* se yon lekòl piblik k ap sèvi elèv nan 6^{yèm}, 7^{yèm}, and 8^{yèm} ane.
- *Bak MSOA* seleksyone elèv nan tout zòn Rejyon *Palm Beach* atravè yon pwosesis aplikasyon, odisyon ak lotri.
- *Bak MSOA* ofri yon edikasyon ekstansif nan domèn Boza kominikasyon, Dans, Mizik (fanfa enstriman akòd, pyano vokal), Teyat, ak Atizay Plastik.
- *Bak MSOA* ofri kourikoulòm akademik fondamantal yo mande dapre SDPBC ak anpil kou lekòl segondè nan matematik ak lang entènasyonal

Pwogram Edikatif

Bak Middle School of the Arts devlope enterè ak talan elèv yo nan syans atizay plastik, teyat, ak kominikasyon. Anmenmtan, li konsevwa pou ranfòse disiplin akademik atravè yon apwòch entegre, entèdisiplinè ki mete aksan sou kreyativite ak ekspresyon atistik. Atis kap vizite, atis an rezidans, ak konferansye entèaji regilyèman ak fakilte pwofesyonèl Boza ak elèv yo nan mete sou pye yon pwogram Boza tòp nivo. Genyen opòtinite pou pèfòmans nan tout nivo. Yon elèv Lekòl Èntèmedyè Boza BAK eksperimente yon balans ansèyman enkonparab nan boza), ak eksperyans akademik eksepsyonèl. Anplis, *Bak Middle School of the Arts* ofri yon gam konplè aktivite nan espò, klib, ak pwogram aprè lekòl.

Kourikoulòm Fondamantal

English Language Arts (ELA)--Kominikasyon Oral/Ekri nan Anglè

Mathematics

Honors Algebra I (high school)

Honors Geometry (high school)

Science: Life, Physical, Earth/Space

French I and II (high school)

Spanish I and II (high school)

Software and Web Design

Arts Exploration

Civics

Physical Education

S.E. Consortium for Math & Engineering

World History

United States History

Espò & Klib

Volebòl

Basketball

Baseball/Softball

Track

Soccer

Cheerleading

Builders Club

Academic Games

Math Counts

STEP Team

Student Government

National Jr. Honor Society

Jr. International Thespian Society

Book Club

Recycling Green Team

Robotics

Speech and Debate

Curtain Calls (afterschool program)

Kesyon Moun Poze Pi Souvan

K. Ki Adrès Bak Middle School of the Arts (MSOA)?

R. Bak MSOA lokalize nan I-95 nan kwen *Echo Lake Drive* ak *North Shore Drive*, senk blòk nan sid *45th Street*.

K. Ki kondisyon pou aplikasyon ak pwosesis admisyon?

R. Daprè Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, paran an ak aplikan an dwe rezidan atanplè nan Rejyon Palm Beach nan moman y ap soumèt aplikasyon an. Adrès ki nan aplikasyon elèv la dwe matche adrès ki nan sistèm baz done Disrti a (SIS) pou yon timoun ki nan lekòl piblik Rejyon Palm Beach. Si genyen pwoblèm nan adrès la epi li pa rezoud avan dat limit 18 desanm 2020 an, yo p ap konsidere aplikasyon an.

Bak Middle School of the Arts aksepte enskripsyon pou elèv sizyèm, setyèm ak uityèm ane. Aplikan yo dwe patisipe nan yon odisyon vityèl pou ane yo aplike a nan omwen youn nan domèn boza yo ki parèt nan aplikasyon an. Pwosesis odisyon vityèl la varye soti nan youn domèn boza ale nan youn lòt. Yo dwe suiv kritè odisyon yo avèk anpil atansyon pandan y ap prepare pou yon odisyon an. Kandida yo dwe pase odisyon *Bak MSOA* a pou yo kapab elijib pou Seleksyon Lotri pou Admisyon an.

K. Ki dire tan ant pwosesis aplikasyon ak odisyon an?

R. Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ap aksepte aplikasyon pou Bak MSOA apati 2 novanm 2020 rive 18 desanm 2020. Se yon sèl aplikasyon moun kapab soumèt pou chak elèv. Pou aplikasyon sou entènèt, se yon sèl chanjman nan seleksyon pwogram ki kapab fèt avan 18 desanm 2020. Yo p ap pèmèt okenn chanjman apre yon elèv fin soumèt yon aplikasyon sou papye

Aplikan yo apwouve yo ap resevwa avi nan imel sou pwosedi odisyon vityèl yo ak dat ak lè odisyon elèv la. Se sèlman elèv ki genyen yon aplikasyon yo verifye nan dosye Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Pwofesyonèl y ap bay yon odisyon. Si ou pa resevwa yon avi sou odisyon avan oswa nan dat 8 janvyè 2021, tanpri kontakte Biwo Espesyalizasyon Bak nan 561-882-3819. Elèv yo ta dwe prepare pou odisyon depi nan dat 11 Janvyè 2021.

Y ap fè odisyon vityèl an janvyè ak kòmansman fevriye.

Fanmi/elèv ki vin abite nan Rejyon *Palm Beach* apre dat limit pou aplikasyon an dwe kontakte Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Pwofesyonèl nan Distri Lekòl Rejyon *Palm Beach* la konsènan pwosedi aplikasyon ki anreta ak posiblite pou opòtinite pou jwenn youn lòt posiblite pou fè odisyon. Se sèlman elèv ki aplike alè yo ki kalifye pou pase odisyon pandan peryòd odisyon k ap fèt an janvyè–fevriye yo.

K. Konbyen Espesyalizasyon yon moun kapab fè nan Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon an ?

R. Yo otorize youn oswa de (2) Espesyalizasyon nan Aplikasyon Pwogram Espesyalizasyon an. Aplikan endike ki Espesyalizasyon ki premye preferans li ak ki Espesyalizasyon ki dezyèm preferans li. Yo kapab seleksyone de (2) Espesyalizasyon pou Bak MSOA. Sepandan, premye oswa dezyèm Espesyalizasyon PA gen menm chans pou yo seleksyone yo.

Kesyon moun Poze Pi Souvan

K. Èske elèv ki pa genyen bonjan fòmasyon atistik kapab kalifye pou *BAK Middle School of the Arts*?

R. Yo bay tout moun menm opòtinite pou genyen siksè nan pwosesis odisyon an, kèlkeswa si se antrene yo antrene li oswa li genyen talan natirèlman.

K. Èske yo egzije yon mwayèn jeneral pou yon elèv rantre nan Bak Middle School of the Arts?

R. Non. Yo pa revize oswa konsidere nòt (akademik oswa boza) nan pwosesis admisyon an.

K. Eske gen akomodasyon pou elèv ki genyen IEP oswa plan 504?

R. Wi. Yon paran/responsab **Oblije Telekopye** yon Plan IEP oswa 504 aktyèl elèv la (elèv lekòl piblik) oswa evalyasyon medikal (elèv lekòl prive) avèk Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon a pou li fè sèten li jwenn akomodasyon pou odisyon an. Si ou pa kapab lokalize plan an, kontakte lekòl aktyèl pitit ou a pou jwenn èd.

K. E si anglè se dezyèm lang elèv la?

R. Yo kapab bay elèv ki pale anglè kòm dezyèm lang yon sèvis tradiksyon. Paran yo dwe kontakte **Biwo Espesyalizasyon Bak pou ELL nan (561) 882-3819**.

K. Èske pwogram akademik Bak MSOA la ofri nivo kou ki varye?

R. **Wi, Bak MSOA ofri kou edikasyon espesyal, kou pou elèv ki trè entèlijan, kou pou elèv avanse ak kou regilye osibyen kou nivo segondè nan matematik ak lang etranjè.** Anplis nou ofri sipò nan kourikoulòm edikasyon jeneral la pou elèv ki genyen andikap.

K. Èske gen transpò pou Elèv ki ale nan Bak MSOA?

R. Wi Distri Lekòl la bay transpò pou elèv ki abite nan Rejyon Palm Beach atravè otobis lekòl oswa trenTri-Rail. https://www.palmbeachschools.org/students_parents – **Find My Bus** (Jwenn otobis mwen).

Pou vin konnen pi plis sou Bak MSOA ak pwosesis odisyon an, tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an nan:

<https://msoa.palmbeachschools.org>

**DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH
DEPATMAN ESPESYALIZASYON AK OPSYON KARYÈ
561-434-8755**